



Konpayi ki distribibe I: Filyal eksplwatasyon Cigna Corporation. Se Cigna Health and Life Insurance Company ki souskri prestasyon asirans yo.

kote se anplwaye a ki peye kotizasyon yo

## ASIRANS POU SWEN LOPITAL

### REZIME SOU PRESTASYON YO

Li prepare pou: Vil Portland

Asirans pou swen lopital la se yon prestasyon ki disponib selon tablo ki anba a lè moun ki asire a entènè lopital akoz yon blesi oswa yon maladi plan an kouvri. *Gade varyasyon yo pou diferan Eta yo (ki endike ak yon \*) anba a.*

#### Kiyès ki ka chwazi asire:

**Anplwayè w pral egzamine si ou menm, mari w oswa madanm ou, ak pitit ou yo kalifye.**

**Ou menm:** Tout anplwaye ki aktif, ki travay apentan oswa amitan pou anplwayè a, ki travay Ozetazini pou yon minimòm 18.75 èdtan chak semèn, ki abite Ozetazini, e ki sitwayen ameriken oswa etranje ki rezidan pèmanan Ozetazini, ansanm ak mari oswa madanm yo, moun yo viv avè l la ak pitit yo ki sou kont yo ki sitwayen ameriken oswa ki etranje ki rezidan pèmanan Ozetazini, e ki abite Ozetazini.

W ap kalifye pou jwenn asirans nan premye jou nan mwa ki koresponn oswa ki vin apre pwochen dat anbòch oswa dat sèvis aktif.

**Mari w/madanm ou/moun ou viv avè l la:** Jiska laj 100 lane, depi ou aplike pou asirans pou tèt ou epi yo apwouve w pou sa.

**Pitit ou (yo):** Ant nesans yo ak laj 26 lane; plis pase 26 lane si yo andikape, depi ou aplike pou asirans pou tèt ou epi yo apwouve w pou sa.

#### Asirans ki disponib:

Plan an ap peye montan ki parèt nan rezime sa a pou prestasyon yo, kèlkeswa depans ki fèt yo. Montan sa yo aplike chak jou, sof si rezime a bay yon lòt peryòd. Plan an ka peye prestasyon yo sèlman lè tout kondisyon ki nan kontra a ranpli. Tanpri li tout enfòmasyon yo nan rezime sa a pou konprann kondisyon yo, varyasyon ki genyen nan diferan Eta yo, ansanm ak esklizyon ak limitasyon ki aplike pou prestasyon sa yo. Gade sètifika asirans ou an pou jwenn plis enfòmasyon.

**Peryòd datant pou prestasyon an:**\* Pa gen okenn, sof si yo endike yon lòt bagay. Plan an pa p peye okenn prestasyon pou yon pèt ki fèt pandan peryòd datant pou prestasyon an.

REMAK: Asirans sa a PA sipoze ranplase yon asirans medikal konplè oswa majè.

Prestasyon pou ospitalizasyon	Plan
<b>Admisyon nan lopital (nan ICU oswa pa nan ICU)</b> Pa gen peryòd eliminasyon. Limite nan 1 jou, 1 prestasyon chak 365 jou.	\$500
<b>Admisyon nan lopital pou yon pwoblèm sante kwonik</b> Pa gen peryòd eliminasyon. Limite nan 1 jou, 1 prestasyon chak 90 jou.	\$50
<b>Sejou lopital</b> Pa gen peryòd eliminasyon. Limite nan 31 jou, 1 prestasyon chak 90 jou.	\$100
<b>Sejou nan inite swen entansif (ICU)</b> Pa gen peryòd eliminasyon. Limite nan 31 jou, 1 prestasyon chak 90 jou.	\$200
<b>Sejou lopital anba obsèvasyon</b> Peryòd eliminasyon 24 èdtan. Limite nan 72 èdtan.	\$100 pou chak peryòd 24 èdtan

**Karakteristik pòtabilite:\*** Ou menm, mari w/madanm ou ak pitit ou (yo) ka rete asire a 100% lè kontra asirans lan fini. Se pou asire anba kontra a epi se pou w gen mwens pase 100 lane pou w kenbe asirans lan. Tarif yo gendwa chanje epi tout kontra asirans yo fini lè ou rive nan 100 lane. Sa aplike pou sitwayen ameriken yo ak etranje ki rezidan pèmanan yo ki abite Ozetazini.

### Sa asirans lan koute chak semèn pou anplwaye a:

Nivo	Plan
Anplwaye sèlman	\$2.09
Anplwaye ak mari/madanm	\$4.68
Anplwaye ak pitit li (yo)	\$3.71
Anplwaye ak fanmi	\$6.31

*Kou yo gendwa chanje. Prim ou gen pou peye a nan chak peryòd ka yon ti jan diferan poutèt nou awondi montan yo.*

**REMAK: Men kèk dispozisyon ak kondisyon ki enpòtan nan kontra a e ki aplike pou prestasyon ki dekri yo nan kontra a. Lis sa a pa konplè. Gade sètifika asirans ou an pou jwenn plis enfòmasyon.**

**Montan prestasyon ki ka peye:** Pou tout moun ki asire yo, prestasyon yo ka peye nan 100% montan prestasyon ki endike yo, sof si yo endike yon lòt bagay. Si gen moun ki aplike anreta, depi plan an pèmet sa, yo ka gen pou yo bay yon prèv medikal ki montre yo ka asire.

### Pwoblèm sante pou kèk prestasyon, esklizyon ak limitasyon (swen nan lopital):

**Admisyon nan lopital:** Moun nan dwe entène akòz yon blesi oswa yon maladi plan an kouvri. Bagay sa yo pa ladan l: tretman nan sal dijans san pasyan an pa entène, oubyen lè pasyan an entène yon dezyèm fwa pou menm aksidan plan an kouvri a (san wete pwoblèm sante kwonik).

**Admisyon nan lopital pou yon pwoblèm sante kwonik:** Moun nan dwe entène akòz yon pwoblèm sante kwonik plan an kouvri epi se yon espesyalis nan domèn medsin nan ki dwe bay tretman an pou pwoblèm sante kwonik la. Bagay sa yo pa ladan l: tretman nan sal dijans san pasyan an pa entène, oubyen lè pasyan an entène yon dezyèm fwa pou menm aksidan plan an kouvri a (san wete pwoblèm sante kwonik).

**Sejou lopital:** Moun nan dwe entène epi li dwe oblije rete lopital akòz yon blesi oswa yon maladi plan an kouvri, anba direksyon ak sipèvizyon yon doktè. Si moun nan kalifye pou prestasyon sejou nan ICU a tou, plan an ap peye pou 1 sèl prestasyon pou menm blesi oswa maladi plan an kouvri a (l ap peye pou prestasyon ki koute plis la). Sejou nan lopital ki fèt nan lespas 90 jou apre menm blesi oswa maladi plan an kouvri a oswa pou yon blesi oswa yon maladi ki gen rapò ak premye blesi oswa maladi a konsidere kòm yon sèl sejou nan lopital.

**Sejou nan inite swen entansif (ICU):** Moun nan dwe entène epi li dwe oblije rete nan ICU a nan yon lopital akòz yon blesi oswa yon maladi plan an kouvri, anba direksyon ak sipèvizyon yon doktè. Si moun nan kalifye pou prestasyon sejou nan lopital la tou, plan an ap peye pou 1 sèl prestasyon pou menm blesi oswa maladi plan an kouvri a (l ap peye pou prestasyon ki koute plis la). Sejou nan ICU ki fèt nan lespas 90 jou apre menm blesi oswa maladi plan an kouvri a oswa pou yon blesi oswa yon maladi ki gen rapò ak premye blesi oswa maladi a konsidere kòm yon sèl sejou nan ICU.

**Sejou lopital anba obsèvasyon:** Moun nan dwe resevwa yon tretman pou yon blesi oswa yon maladi plan an kouvri nan yon lopital, san wete nan sal obsèvasyon, oswa nan yon sant chirijikal anbilatwa, pou plis pase 24 èdtan san li pa entène, epi etablisman an dwe mande yon kòb pou sèvis la. Plan an pa p peye pou prestasyon sa a si gen yon prestasyon pou sejou lopital oswa pou sejou nan inite swen entansif nan lopital li ka peye.

### Esklizyon ak limitasyon ki komen:

**Esklizyon ak limitasyon ki komen:** Esklizyon: \* Anplis nenpòt esklizyon ki pou yon prestasyon an patikilye, plan an pa p peye okenn prestasyon pou yon blesi oswa yon maladi plan an kouvri ki parèt akòz youn nan bagay sa yo (sof si kontra a endike yon lòt bagay):

- blesi yon moun fè espre bay tèt li, suidid oswa tantativ suidid, kit tèt moun nan byen, kit tèt li pati;
- atake yon moun oswa komèt yon krim, oubyen eseye fè bagay sa yo;
- yon gè oswa yon zak gè ki deklare oswa ki pa deklare;
- yon blesi oswa yon maladi plan an kouvri moun nan sibi poutèt li travay nan lame, nan lamarin oswa nan avyasyon pou nenpòt peyi oswa òganizasyon entènasyonal. Lè nou resevwa prèv sèvis la, n ap ranbouse nenpòt prim moun nan te peye pou peryòd sa a. Sa gen ladan l antrènman nan fòs rezèv yo oswa nan Gad Nasyonal la, sof si antrènman sa a fèt pandan plis pase 31 jou;
- vale nenpòt dwòg, pwazon, gaz oswa lafimen yon fason ki volontè, sof si se selon enstriksyon yon doktè e selon dòz ki sou preskripsyon an (sof pou rezidan WA yo);
- kondui nenpòt kalite veyikil anba enfluyans alkòl oswa dwòg oswa lòt sibstans ki entoksike moun nan, san wete nenpòt medikaman yo preskri kote moun ki asire a te jwenn yon avètisman alekri pou l pa kondui machin pandan l ap pran medikaman an. Nan esklizyon sa a, ekspresyon "anba enfluyans alkòl" la vle di entoksike selon definisyon ki nan lwa Eta kote blesi oswa maladi plan an kouvri a te fèt la (sof pou rezidan WA yo);
- yon chiriji elektif oswa kosmetik. Sa pa gen ladan l chiriji kosmetik rekonstriktif: a) ki gen rapò ak oswa ki fèt apre yon chiriji pou yon chòk, yon enfeksyon oswa yon lòt maladi; oswa b) ki fèt akòz yon maladi oswa yon anomali konjenital yon timoun ki sou kont moun nan genyen e ki lakòz yon defo fonksyonèl;
- chiriji dantè, sof si chiriji a fèt akòz yon blesi moun nan pran nan aksidan. Epitou, plan an pa p peye okenn prestasyon pou sèvis oswa tretman moun nan jwenn nan men yon doktè, yon enfimyè oswa yon lòt moun si: se moun ki souskri asirans lan ki anplwaye li oswa ki angaje li, oubyen si pwofesyonèl sante sa a bay sèvis omewopatik, awomaterapetik oswa fitoterapetik,

oubyen si pwofesyonèl sante a abite lakay moun ki asire a oswa si li se yon papa, yon manman, yon frè, yon sè, yon mari, yon madanm oswa yon pitit moun ki asire a.

### Definisyon ki enpòtan:

**Maladi plan an kouvri:** Yon maladi oswa yon kondisyon sante fizik oswa mantal, san wete gwosès ak konplikasyon ki soti nan gwosès, ki lakòz yon pèt plan an kouvri. Yon maladi plan an kouvri gen ladan l nenpòt karantèn ki nesèsè pou rezon medikal nan yon lopital nan kad yon tretman prevansyon ki nesèsè pou rezon medikal akòz yon ekspozisyon yo idantifye ak yon maladi ki trapan, ki enfeksye e ki menase lavi moun nan.

**Blesi plan an kouvri:** Nenpòt domaj fizik ki lakòz yon pèt plan an kouvri.

**Moun ki asire:** Yon moun ki kalifye, jan sa endike nan tablo prestasyon yo, ki enskri, ki gen yon prèv ki montre li ka asire nou te aksepte, lè sa nesèsè, ki te peye prim ki obligatwa yo nan lè yo te sipoze peye, e kote asirans lan toujou anvigè anba kontra sa a.

**Peryòd eliminasyon:** Yon peryòd kontini ki dwe pase anvan plan an ka peye yon prestasyon ki endike nan tablo prestasyon yo. Yon peryòd eliminasyon gendwa fini panda peryòd datant pou prestasyon yo anba kontra a.

### Dispozisyon ki nan kontra a:

**Ki lè asirans ou an kòmanse:** Asirans lan kòmanse fonksyone nan dat ki tonbe pi ta nan dat sa yo: nan dat pwogram nan antre anvigè a, nan dat ou vin kalifye a, nan premye jou nan mwa ki vin apre dat nou resevwa fòm enskripsyon ou te ranpli a, oswa, si nou bezwen yon prèv ki montre ou ka asire, nan premye jou nan mwa apre nou apwouve w (oswa apre nou apwouve moun ki sou kont ou a) pou jwenn yon asirans alekri, sof si Cigna endike yon lòt dat. Asirans ou an pa p kòmanse fonksyone si w pa p travay nan dat li sipoze antre anvigè a. Moun ki asire yo pa p benefisyè asirans lan nan dat li sipoze antre anvigè a si moun ki asire a entène lopital, si li entène nan yon etablisman oswa si li oblije ret lakay li, si li andikape epi li resevwa prestasyon pou andikap, oswa si li pa kapab fè aktivite li gen pou fè chak jou yo.

**Ki lè asirans ou an fini:** Asirans lan fini pou nenpòt moun ki asire nan dat ki tonbe anvan nan dat sa yo: nan dat moun nan vin pa kalifye ankò, nan dat kontra gwoup la pa anvigè ankò, nan dènye dat peryòd ou te peye yon prim pou li a. Pou mari/madanm ou ak pitit ou (yo) ki sou kont ou, si w genyen, asirans lan fini lè asirans pa w lan fini, lè ou pa peye prim yo oswa lè yo vin pa kalifye ankò. (Nan kèk ka, asirans ou an gendwa kontinye si w vin pa travay ankò. Veye pou w li dispozisyon sou *kontinyasyon asirans* yo nan sètifika w.)

**Dwa pou egzamine sètifika a pandan 30 jou:** Si yon moun ki asire pa satisfè ak sètifika a pou kèlkeswa rezon an, li gendwa voye l tounen ban nou nan lespas 30 jou apre li resevwa li. N ap remèt nenpòt prim ou te gentan peye epi sètifika a pa p valid, kòmsi nou pa t janm voye li.

### \*Varyasyon nan Eta yo

Definisyon mari/madanm nan gen ladan l patnè nan inyon sivil yo nan New Hampshire ak Vermont. **Sejou lopital, sejou nan inite swen entansif (ICU) ak sejou nan gadri pou tibebe ki fèk fèt** Kantite jou yo ka peye prestasyon pou yo a gendwa diferan pou rezidan ID yo. **Sejou nan inite swen entansif (ICU) nan lopital** Prestasyon yo ap toujou disponib pou rezidan ND yo. **Sejou nan inite swen entansif (ICU) nan lopital** Pa gen okenn prestasyon pou admisyon nan ICU siplemantè ki disponib pou rezidan TX ak NH yo. **Sejou lopital** Prestasyon yo ap toujou disponib pou rezidan AK yo **Sejou anba obsèvasyon** Peryòd eliminasyon an rele peryòd obsèvasyon pou rezidan ID ak ND yo. **Peryòd eliminasyon** an pa p aplike pou rezidan ID ak NH yo. **Esklizyon** yo ka diferan pou rezidan MN, SC, SD ak WA yo. Fason yo rele **pòtabilite** nan TX ak VT se kontinyasyon akòz moun nan vin pa kalifye ankò. Rezidan VT yo pa anba okenn limit laj pou yo kontinye jwenn asirans.

Seri 1.0/1.1/1.2

KONTRA SA A PEYE PRESTASYON KI LIMITE SÈLMAN. LI PA YON ASIRANS SANTE KONPLÈ NI LI PA PEYE POU TOUT DEPANS MEDIKAL YO. ASIRANS SA A PA RANPLI KONDISYON YO BAY POU YON "ASIRANS ESANSYÈL MINIMÒM" NI YO PA RANPLI KONDISYON KI NAN LWA YO RELE AFFORDABLE CARE ACT (ACA). ASIRANS SA A PA YON ASIRANS SIPLEMAN MEDICAID NI MEDICARE.

Disponibilite pwodui yo ka diferan selon kote a ak kalite plan an, epi li kapab chanje. Tout kontra asirans gwoup yo ka mache ak esklizyon, limitasyon, rediksyon nan prestasyon yo, ak kondisyon ki ka fè kontra a rete anvigè oswa ki ka fè l kanpe. Pou jwenn detay sou sa asirans lan koute ak sa li kouvri a, egzamine dokiman plan w yo. Se filyal ekspwatasyon Cigna Corporation yo ki distribye kontra yo oswa se atravè filyal sa yo kontra yo distribye, epi se Cigna Health and Life Insurance Company (Bloomfield, CT) ki jere e ki asire kontra yo. Non, logo ak lòt mak Cigna yo se pwopriyete Cigna Intellectual Property, Inc. yo ye.

Dokiman sa a pa bay yon deskripsyon tout sa asirans lan kouvri a. Dokiman sa a pa bay yon kontra. Kondisyon pou asirans yo defini nan kontra gwoup n° HC110471. Dokiman sa a pa bay yon deskripsyon tout sa asirans lan kouvri a. Dokiman sa a pa bay yon kontra. Tanpri konsilte esponsò plan w lan pou jwenn yon kopi kontra gwoup la. Si genyen diferans ant rezime sa a ak kontra gwoup la, se enfòmasyon ki nan kontra gwoup la ki gen priyorite. Disponibilite pwodui yo, prestasyon yo, sipleman yo, pwoblèm plan an kouvri yo, dispozisyon ki nan kontra yo ak/oswa karakteristik yo gendwa diferan selon Eta a. Tanpri kenbe dokiman sa a pou l sèvi w referans. Tanpri konsilte esponsò plan w lan pou jwenn yon kopi kontra a. Si genyen diferans ant rezime sa a ak kontra gwoup la, se enfòmasyon ki nan kontra gwoup la ki gen priyorite. Disponibilite pwodui yo, sa diferan sèvis yo koute, prestasyon yo, sipleman yo ak/oswa karakteristik yo gendwa diferan selon Eta a. Tanpri kenbe dokiman sa a pou l sèvi w referans.

Se filyal eksplwatastyon Cigna Corporation yo ki distribye plan oswa kontra asirans yo pou blesi pa aksidan, maladi kritik ak swen lopital, oswa se atravè filyal sa yo plan oswa kontra yo distribye, se Cigna Health and Life Insurance Company (Bloomfield, CT) ki jere yo, epi se (i) Life Insurance Company of North America ("LINA") (Philadelphia, PA) oswa (ii) New York Life Group Insurance Company of NY ("NYLGICNY") (New York, NY), ki te konn rele Cigna Life Insurance Company of New York, ki asire yo. Non, logo ak lòt mak Cigna yo se pwopriyete Cigna Intellectual Property, Inc. yo ye. LINA ak NYLGICNY pa afilye ak Cigna.

958325HT © 2023 Cigna. Gen kèk nan enfòmasyon ki nan dokiman sa a ki anba lisans.